# ETNOGRAF ILIMPAZ AYNAZAR ÓTEMISOV MIYNETLERINDE SHAPSHÍSHÍLÍQ ÓNERINIŃ IZERTLENIWI

**Sadikova Nurjamal,**
*QMU Etnografiya, etnologiya hám antropologiya qániygeligi 2-basqısh magistrantı.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606804

***Annotaciya.*** *The article briefly outlines the role of felt making in Karakalpak life, the main characteristics of Karakalpak felt making compared to other peoples, the types and construction of felt, embroidery techniques: the types of various national patterns applied to felt surfaces, the role of manual labor in felt making, the preparation and processing of sheep wool, the primary materials used in felt making, methods of using felt, and future efforts to revive felt making.*
***Tayanısh sózler:*** *qalpaqlar, kiyiz, qoy júni, nagıs, qoy júni, járdem, qaraqalpaqlar, otaw, tekimet, shiy, boyaw túrleri.*

***Annotaciya.*** *Maqalada qaraqalpaqlar turmısında kiyiz toqıwdıń tutqan ornı, qaraqalpaqlar kiyiz toqıwdıń basqa xalıqlarǵa salıstırǵandaǵı tiykarǵı ózgeshelikleri, kiyizdiń túrleri hám qurılısı, keste tigiw texnikası: kiyiz betine túsirilgen hár qıylı milliy naǵıslardıń túrleri, kiyiz toqıwda qol miynetiniń tutqan ornı, qoy júnin tayarlaw hám qayta islew, kiyiz toqıwda qollanılatuǵın tiykarǵı materiallar, kiyizdi paydalanıw usılları, kiyiz toqıwdı qayta tiklew boyınsha keleshektegi háreketler qısqasha bayan etilgen.*
***Keywords:*** *hats, felting, sheep's wool, pattern, sheep's wool, help, Karakalpaks, yurta (dwelling), tekimet, chiy, types of paint*

Aynazar Ótemisov qaraqalpaq xalqınıń tariyxı hám etnografiyasın úyreniwge arnalıp jazılǵan iri kólemdegi ilimiy miynetleri jarıq kórdi. « Быт культура рыбаков побережья Южного Арала» (1970), «Qaraqalpaqstan balıqshıları» (1979), "Qaraqalpaqlardıń óner kásipleri" (1991), "Túslik Aral xalqınıń salt-dástúrleri" (2022) miynetleri xalqımızǵa inám etildi.

Qaraqalpaqlardıń turmısında mayda xojalık qol óner-kásiplerinen mal sharwashılıq ónimin islew ádewir áhmiyetli orın iyeledi. Bunda jún ónimlerin qayta islew shapshıshılıq turmısta keń qollanılǵan hám xojalık ushın eń zárúr ónimlerdi islegen. Qaraqalpaqlar júnnen ústki hám ishki kiyim, kiyiz, alasha, qorjın, boqjama hám baska da hár qıylı úy dáskelerin isledi.

Aynazar Ótemisov miynetinde Orta Aziya hám Qazaqstannın basqa xalıqları sıyaqlı qaraqalpaqlardıń da turmısında kiyiz hám kiyiz zatlardı islew úlken áhmiyetke iye boldı. Sonlıqtan da kiyiz basıw hám onnan hár túrli zatlar kennen islew burın en jayǵan edi. Hár bir shańaraq derlik óz itiyajı ushın júnnen kiyiz bastı. Kiyiz benen qaraúydi japtı, onı tósek etti. Bunnan baska júnnen jona, terlik, bastırǵı, kóylekshe hám basqa da nárseler islegenligi haqqında keń túrde maǵlıwmatlar berilgen . Kiyiz bastırıwǵa qoydıń gúzgi qırqımın paydalandı, báxárgi qırqımın siyrek paydalanadı. Qozılardıń júnin de siyrek paydalandı, onı arnawlı jún taraq penen taraydı. Bunnan tısqarı, gúzgi qırqım júnnen gilem, qorjın, qızıl basqur, esik qas, qur isledi. Qoydıń

hám eshkinin gúzgi qırqım júninen sabaklar iyirdi, kalta toqıdı, shal, alasha, boqjama, izbe, lizbe toqıdı, arkan esti. Túyenin júni joqarı, ayırıqsha bahalandı. Qaraqalpaqlar onnan tiykarınan shekpen menen shalbar isledi, al kiyiz bastırıwǵa oǵada az paydalandı. Kiyiz basıw kóp miynetti talap etedi. Bir kiyiz basıw ushın 3-7 adam (kiyizdin úlken-kishiligine qaray) kerek. Usınday jumıstı orınlaw bir shańaraq ushın awır. Sonlıqtan da qazaqlar, qırǵızlar, túrkmenler sıyaqlı qaraqalpaqlar da kiyiz kómekke qonsıların shaqırǵan. Usılayınsha birew birewge kómeklesip kiyiz bastırılatuǵın bolǵan. Qaraqalpaqlar tiykarınan eki túrli kiyiz basqan, naǵıslı kiyiz-tekiymet dep ataldı, naǵıssız kiyiz- kiyiz dep ataldı. Naǵıssız kiyiz aq, sur, qara reńli boladı. Tekiymet tek tósek ushın kollanıldı. Al jay kiyiz hár tárepleme qollanıldı. Ol tesek te boldı, onın menen qaraúy de bastırıldı, terlikke de paydalanıldı. Kiyizdi de, tekiymetti de basıw usılı bir kıylı, tekiymet naǵıslı etip bastırılatuǵın bolǵan. Dáslep kiyiz bastırıwshı kerekli júndi jıynap túrine qarap ayıradı hám basıw ushın tayarlaydı. Dáslep shapshı juwılǵan hám kepken júndi alashaǵa yamasa terige jayadı. Bunnan keyin járdemshiler otırıp alıp kóp waqıt sabaw menen shańı ketkenshe hám jumsarǵansha sabaydı. Onı jún sabaw deydi.  Bunnan keyin sabalǵan júndi qamıs shiyge bir tegis etip jayıp shıǵadı. Ádette astına jaman jún, ústki betine, ońına jaqsı júndi saladı. Eger tósek ushın bolsa, shapshı shetine eni 10-20 santimetrdey etip qara yamasa qońır reńli jún salıp shıǵadı. Eger kiyiz qara úy bastırıw ushın arnalsa, onda bunday jiyek bolmaydı. Bunnan keyin ıssı suw serpip shıǵadı, eki adam shiy menen qosıp oray baslaydı, al eki-úsh adam ıssı sebeleydi. Orap bolǵannan keyin eki shetinen hám ortasınan jún jılıspaw ushın arqan menen baylaydı. Bunnan keyin arqan tartıw baslanadı. Jerge qurǵaq saban tóseledi, sóytip arqan tartıw jolı menen shiy menen qosıp qattı shıyratılgan júndi arman-berman jumalatadı. Arman-berman jumalatıw (domalatıw) qıyın jumıs. Usınday da hayal shapshılarǵa er adam járdemge keledi. Arman-berman domalatıw waqtında ıssı suwdı moldan sebelep turadı. Bunnan keyin 2-3 adam arman-berman domalatıwdın barısında onı ayaq penen tebedi. Arman-berman domalatıw hám tebiw kiyiz qattı formaǵa iye bolmaǵan shelli dawam etken .

Bunnan keyin tigine qoyıp ıssı suw quyadı. Keyninen kiyizdi úyge alıp kiredi, jazdırıp shiyden ajıratıp aladı. Bunnan soń kiyizdi qaytadan oraydı, otırıp yamasa dizerlep alıp shapshı bilek penen qamır jayǵanday etip arı-beri dumalatadı. Shapshı jetkilikli hám nıq formaǵa iye boldı-aw degende kiyizdi jazdırıp kúnde keptiredi. Bir kúnde 5-7 hayal orta esap penen eki kiyiz shıǵara aladı.

1920-jıllarǵa deyin shapshıshılıq ádewir keń taraldı hám rawajlandı. Usı waqıtlarda qaraqalpaqlardıń tiykarǵı turaq jayı qaraúy boldı. Onı bastırıw, jabıw ushın kóp kiyiz ketedi. Jawınnın, qardıń hám samaldıń tásirinde tez tozǵanlıqtan kiyizge talap artıp bardı. Bunnan tısqarı jazlawdan qıslawǵa, qıslawdan jazlawǵa kóship uydi qayta-qayta jıǵıp-tigiw onın waqtınan burın tozıwına alıp keledi. Bulardıń barlıǵı hár jılı belgili kiyiz basıwdı talap etken. Qara úydi bastırıw ushın qollanılatuǵın kiyiz úzikten hám túńlikten ibarat. Úzik penen uwıq jaǵı kerege, túńlik penen shańaraq bastırıladı, jabıladı. Qara úy ushın kiyiz (úzik, túnlik hám t. b.) belgili

kólemde (5-6 qanatlı qaraúy ushın) tayarlandı. Qaraúydin qanatına qaray kiyiz hár qıylı boldı. Qaraúy ushın kiyizdi bastırıw usılı áyyemgi tósek kiyizdi bastırıw usılı menen bir qıylı, tek qaraúy ushın kiyizdin ayırmashılığı sonnan ibarat, ol qalıń hám qattı boladı. Júnnen kiyiz esik te islendi. Ol eni 1,50 hám biyikligi bir yarım eki metr etip qıyıp alınadı. Ishine ózinin kóleminde shiy qaplanadı. Mıqlı bolıwı ushın joqarı jağınan tolıq ildiriledi, eki jağı qara jolaq boladı, al eki qabat jún jip penen eki shetinen jıynap baylanadı. Kiyiz esiktin sırtı jaqsı etip bezeledi. Bunnan baska júnnen aqbas qur, qızılbasqur, qur, dizbe, izbe, bellik, uwıq baw hám basqalar tayarlanadı. Bulardıń barlığı tiykarınan aq hám qara júnnen islenedi. Aq kiyiz qarauydi ıssıdan jaqsı saqlaydı,- quyash, nurına shıdamlı. Qurğın xojalıqlar ádette ózleriniń qaraúylerin sapalı aq júnnen bastırılğan kiyiz benen japtı. Al kámbağal xojalıqlar qara, sur júnnen islengen kiyiz benen japtı. Qaraqalpaqlar tósek ushın hár qıylı tekiymet te bastı. Tekiymetti basıw ushın júndi hár qıylı reńge boyadı, belgili ulgi boyınsha nağıslı etip bastıradı. Tekiymet ushın júndi qadimgidey tayarlaydı, jaqsılap tazalaydı, muzday suwda juwadı, bunnan keyin keptirip sabaw menen popırap jumsağansha sabaydı. Maqul tapqan reńge boyaydı. Júndi boyaw qosımsha material menen waqıttı talap etedi. Sonlıqtan da birinshi gezekte hár qıylı reńdegi natural júndi: aq, qara, sur hám qonır reńli júndi tańlawğa háreket etti. Usınday reńli júndi qazaqlar, qırğızlar, túrkmenler de kiyizdin shırayı ushın da, jiyegi ushın da paydalandı. Boyaw ushın Orta Aziyalı basqa shapshılar sıyaqlı, qaraqalpaq shapshıları da hár qıylı ósimliklerdi tayarlap paydalanadı. Boyan tamır, tut, erik ağashlarının tamırı keń túrde qollanıldı. Olardı gúzde qazıp alıp juwıp quyashta keptiredi, keyninen maydalap kelide túyedi. Biraq ósimliklerden boyaw islew jolları hár qıylı bolğannan keyin bul mağlıwmatlar A. Ótemisovtıń miynetlerinde tolıq berilmegen, onıń ústine boyaw tayarlawdın kóp jolları umıtılıp ketken. Boyaw menen tek hayallar shuğıllanatuğın edi. Boyaw ádette shoyın qazanda suwdı qaynatıwdan baslanadı. Suwıq suwda kerekli boyawdı eritip alıp, onı ıssı suwlı qazanğa quyadı. Azğana waqıttan keyin qaynağan suwğa azmaz duz taslaydı. Keyninen rendi tekseredi, bolmasa, boyawdı muzday suwğa eritip tağı qosadı. Bunnan keyin qazanğa júndi salıp qaynatadı. Keyninen qazandı túsirip suwığan son júndi alıp suwıq suw menen juwadı hám kúnge keptiredi. Kepken júndi tútedi, sabaydı yamasa jún taraq penen taraydı .

Arnawlı boyawshılar boldı, qaraqalpaqlar olardı kókshi dep atadı. Kókshiler tiykarınan Shımbayda, Qonıratta, Xojelide hám Ámiwdáryanın quyarlığındagı baska da iri elatlı punktlerde boldı. Boyawshılar tiykarınan kók reńge boyadı. Boyalatuğın materialdı mine usı qalalarğa alıp bardı. Bul qalalarda boyaw óndirisi isledi. A.Ótemisovtıń arxiv mağlıwmatlarınan alınğan dereklerde 1907-jıl Ámiwdárya bóliminde eki shapshıshılıq, 12 boyawshılıq kókshi ustaxanası islegen. Zatlar iyesinin kóz aldında boyap berilgen. XIX ásirdiń ekinshi yarımında Shımbaydın boyawshıları qalanı pataslağan, sonlıqtanda jergilikli hákimler barlıq boyawshılardı jıynap, qalanıń shetine shıgardı. Olardıń jaylasqan ornın usı waqıtqa shekem kókshiqala dep ataydı. Biletuğın adamlardıń aytıwına qarağanda 1920- jılları Shımbay da 19-boyawshı orın

bolǵan. Boyaw-jún wájlerdi, sonı ishinde tekiymetti islewdin áhmiyetli processlerinin biri, óytkeni olar ushın naǵıslar áhmiyetli rol oynadı. Naǵıs salıw ushın shapshı boyalǵan júndi reti menen qoyıp shıǵadı. Tekiymettin naǵısın kim bolsa, sol qoyıp shıǵa bermeydi, bunı shapshınıń ózi isleydi. Basqaları járdemlesedi. Tekiymetti boyaǵannan keyin shiyge naǵıstı qoyıp shıǵadı. Hár rendi óz reti menen qoyıp shıǵadı. Jiyegine 10-15 santimetr etip qara-qońır yamasa qara jún qoyılıp shıǵadı. Bul process (jumıs) gúl salıw dep ataladı. Keyninen boyalmaǵan júndi jayıp shıǵadı dáslep aq, keyninen sur jún qoyıp shıǵadı. Bunnan keyin boyalmaǵan júndi taǵı bir qabat etip bir tegis qoyıp shıǵadı. Qalınıraq bolsın dese, júndi kóbirek jayadı. Jún qoyıp bolınǵannan keyin qaynaǵan suw sebelenedi hám áste-aqırın shiy menen qosa shiyratıp oraladı. Bunnan keyin apiwayı kiyiz qalay basılsa, tekiymet te solay basıladı. Qaraqalpaq tekiymetin basıw, qazaqsha tekiymetten parq etedi. Máselen, qazaqlar basqa rendegi kesip alınǵan naǵıslardı kiyizge jabıstıradı yamasa kosıp tigedi hám tekiymetti naǵıslar menen bezeydi. Qaraqalpaq tekiymetleri bunday emes. Qazaq tekiymetlerinen parq etetuǵın ózgesheliklerin kórsetip óteyik. Qaraqalpaq tekiymetleri túrkmen tekiymetlerine jaqınlasadı. Olardıń tiykarǵısı-tekiymette de, terlikte de jiyeginin naǵısı, ol tolqınday shıyırtpaqlanıp keledi hám tákirarlanadı. Tolqın tárizli naǵıs en áyyemgi naǵıslardan bolıp ol Topraqqalanı qazıp teksergende (b. e. III ásiri) batısta jaylasqan minardın ójireleriniń birinde balıq júzip baratırǵan tolqın túrindegi súwret tabılǵan. Tekiymet ortasında eki tuwrı muyeshlikke bólinedi, onda úlken-úlken shıyırtpaq naǵıslar boladı. Qazaq tekiymetlerinin naǵısı qırǵız tekiymetlerine jaqın keledi. Qaraqalpaq tekiymetleri turkmen tekiymetlerine jaqın boladı. Qazaq tekiymetlerinde ortasında hám jiyeginde shaq tárizli naǵıslar kóbirek ushırasadı. Qaraqalpaq tekiymetlerinde qoshqar múyiz naǵıs, kos múyiz, segiz múyiz, toqalaq múyiz, shıyırtpaq múyiz naǵıslar kóbirek ushırasadı. Olar menen birge shıǵır tis, shiyquraq, gúl quraq naǵıslar da ushırasadı. Tekiymettin ortasına hám jiyegine qoshqar múyiz naǵıs salınadı. Qaraqalpaqlar kópshilik jaǵdaylarda tiykarınan eni hám uzınlıǵı 1,55x3,34 metrlik: 170x3,20 metrlik 170×2,70 metrlik tekiymetler isledi, olar xojalıq ushın, tósek ushın anaǵurlım qolaylı dep esaplanıldı. Qaraqalpaqlarda júnnen islengen jaynamaz bolǵan. Onın eni menen uzınlıǵı 70 x1,40 santimetr. Jaynamazdı kóbinese aq júnnen naǵıslı etip islegen. Sonday-aq ottan qazandı alıp túsiriw ushın júnnen qazan tutqısh ta islegen. Kiyizden attın jabıwları: jona, jabıw, kóylekshe, terlik isledi. Terlik aq júnnen naǵıslı etip islenedi. Jabıw geyde júnnen arnawlı islenedi. Joqarıda aytıp ótkenimizdey- qaraqalpaqlar kiyizdi tiykarınan óz itiyajı ushın isledi. Usının menen birge qaraqalpaqlar awısıq júndi yamasa kiyizdi basqa awıl xojalıq ónimlerine almastırdı, jergilikli bazarda sattı. Kiyizdin bahası onıń enine, uzınlıǵına hám shıraylılıǵına baylanıslı boldı. Bazarda aq kiyiz benen tekiymet eń jaqsısınan esaplanǵan.

Juwmalap aytqanda A. Ótemisov respublikamızdıń barlıq rayonlarında Samarqand, Buxara, Xorezm, Qazaqstan Respublikasınıń Qızıl Orda wálayatlarında, Túrkmenstan Respublikasınıń Góne Úrgench rayonlarında bolǵan kóp sanlı tariyxıy-etnografiyalıq ekspediciyalarǵa qatnasıp shapshıshılıq óner kásibiniń isleniw usılların

qońsı xalıqlardan ayırmashılıqları boyınsha bahalı maǵlıwmatlar jıynaydı. Bul jıynalǵan maǵlıwmatlar keleshekte bul tarawdı qayta tiklewde, usı taraw boyınsha ilimiy jumıs islewde bahalı etnografiyalıq derek bolıp esaplanadı.

**Adebiyatlar:**


1. Городище Топрак кала (Раскопки 1965-1975 гг.) ТХАЭЭ том. XII. М.,1981.
2. Камалова Г. Гөззал үлке. Нөкис “Қарақалпақстан”. 1986.30-31 б.
3. Муқанов С.М., Семиречьели қазақлардың шапшышылық тоқмашылық өнери бойынша айырым материаллар.Алма-ата. 1962.
4. Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери Н.,1991.
5. Өтемисов А. Түслик Арал халықларының салт-дәстүрлери Н., 2022.
6. Ҳәкимниязов Ж., Кудияров А., Устаздың өмир жолы ҳаққында. ӨзРИҚҚБның Хабаршысы.2014, №5-6.